

waning	dekwasan	dekri faz ki fèt apre yon plenn lin, lè pati klere lalin nan ki vizib ap vin pi piti.
water cycle	sik dlo	modèl ki dekri fason dlo deplase ant sifas tè a ak atmosfè a ak fason li retounen sou sifas tè a ankò atravè evaporasyon, kondansasyon ak presipitasyon.
water table	nivo idwostatik	sifas siperyè zòn satirasyon; li bese nan peryòd sechrès.
water-vascular system	sistèm akwifè	rezò kannal ki plen dlo ki pèmèt ekinodèm yo deplase, kaptire manje, degaje dechè epi fè echanj dyoksid kabòn avèk oksijèn.
wave	onn	yon pètibasyon oswa mouvman repete ki transfere enèji atravè matyè oswa lespas.
wavelength	longèdonn	distans ant yon pwen sou yon onn ak pwen ki pi pre a menm jan ak li.
waxing	kwasan	dekri etap ki vin apre yon nouvell lin, lè pifò pati ki klere nan lalin parèt vizib.
weak acid	asid fèb	nenpòt asid ki disosye an pati nan solisyon.
weak base	baz fèb	nenpòt baz ki pa disosye nèt nan solisyon.
weather	tan (klima)	eta atmosfè a nan yon moman ak yon kote espesifik; pami faktè ki detèmine li, genyen presyon atmosferik, kantite imidite ki nan lè a, tanperati, van ak presipitasyon.
weathering	degradasyon	pwosesis sifas mekanik oswa chimik ki kase wòch an ti mòso sèlman.
wedge	kwen	machin senp ki se yon plan encline avèk youn oswa de (2) kote anpant.
weight	pwa	fòs gravitasyonèl ki egzèse sou yon objè.
wetland	tè makay	yon zòn kote gen teren an mouye pandan pifò ane oswa pandan tout ane a.
wheel and	wou nan aks	machin senp ki fòme avèk yon

axle		aks ki adapte nan sant yon wou ki trè gwo pou aks la ak wou a ka woule ansanm.
white dwarf	nèn blan	etap ki an reta nan sik lavi yon etwal sekans prensipal ki gen mas relativman fèb; li fòme lè nwayo li diminye elyòm li epi lè kouch esteryè li yo ale nan lespas pou kite dèyè yon nwayo ki cho ak dans.
wind farm	pak ewolyen	zòn kote anpil moulen a van itilize van pou jenere elektrisite.
work	travay	transfè enèji ki fèt lè yon fòs fè yon objè deplase; li mezire an joul.